

## Kesyon Moun Poze Souvan sou Meri

### Jeneral

**1. Èske paran yo kapab chwazi aprantisay an dirèk/an pèsòn oswa aprantisay a distans pou pitit yo an?**

*Si timoun lan nan klas matènèl jiska nan klas 3yèm ane paran kapab chwazi aprantisay an dirèk/nan salklas oswa a distans pou pitit yo an. Si timoun lan nan klas 4yèm ane jiska 12yèm ane epi li pa nan yon salklas apa, li pral resevwa ansèyman ak sèvis a distans yo.*

**2. Mwen pè pou yo pa kreye epi prezante orè yo bay paran/responsab legal timoun yo san yo pa gen mo pa yo ladan li. Èske w kapab di nou ki fason yo pral mande paran/responsab legal timoun yo pou yo delivre sèvis a distans elèv ki nan klas 4yèm ane jiska 12yèm ane yo kapab gen bezwen? Èske gen posibilité pou ekip IEP a ta ka kontakte fanmi yo pi rapid?**

*Sòti 14 jiska 18 septanm, pwofesè yo pral òganize konferans familyal yo avèk chak paran oswa responsab legal. Done paran yo bay sou domèn prensipal bezwen yo, kapasite pou timoun yo an gen aksè ak aprantisaj a distans, ak lòt obsèvasyon sou byennèt emosyonèl ak sosyal yo pandan eta dijans la pral esansyèl pou detèmine kijan pou reponn ak bezwen elèv yo pandan repriz lekòl yo.*

*Li pral enpòtan tou pou fanmi yo bay mo pa yo epi byen konprann kijan lekòl la oswa distri a planifye pou bay sèvis Edikasyon Espesyal bay pitit yo pandan nouvo ane lekòl la, kit se an pèsòn oswa a distans.*

*Aprè konferans lan, paran yo pral resevwa dokiman alekri ki pale sou nenpòt diferans nan fason yo pral bay sèvis edikasyon espesyal yo k ap gen ladan li fason, ki kote epi a kilè yo bay sèvis espesyalize yo, epi yo pral mete dat k ap di kilè y ap kòmanse bay sèvis yo yon lòt fason.*

**3. Poukisa se sèlman elèv ki nan klas matènèl jiska klas twazyèm ane yo k ap resevwa fòmasyon an pèsòn?**

*Elèv ki gen pi gwo bezwen yo (elèv klas matènèl jiska 3yèm ane ki gen andikap ki nan yon salklas apa, elèv k ap aprann anglè yo) yo gen priyorite nan aprantisay an pèsòn.*

**4. Èske yo pral konsidere elèv ki nan klas 4yèm jiska 12yèm ane yo ki gen yon IEP yon andikap pou fòmasyon nan lekòl la.**

*Nan modèl aktyèl CPS la gen elèv ki gen yon andikap emosyonèl pral swiv Program Akademik Entegre yo (yon salklas apa) yo pral konsidere yo pou fòmasyon an pèsòn.*

**5. Kisa distri a pral fè pou abòde kesyon respè ki gen rapò ak aprantisay an pèsòn kont aprantisay a distans? Ki fason nou pral rasire nou TOUT elèv yo pral resevwa tout sa yo gen bezwen?**

*Distri a pral rasire li tout elèv yo ap resevwa tout sa yo gen bezwen gras ak bagay sa yo:* •  
*Konferans ak paran yo (14/9-18/9): Done paran yo bay sou domèn prensipal bezwen yo, kapasite pou timoun yo an gen aksè ak aprantisaj a distans, ak lòt obsèvasyon sou byennèt emosyonèl ak sosyal yo pandan eta dijans la pral esansyèl pou detèmine kijan pou reponn ak bezwen elèv yo pandan repriz lekòl yo.*

- *Done tès depistaj byennèt ak lòt evalyasyon enfòmèl yo te reyalize nan kòmansman ane lekòl la.*

## **6. Nan konbyen tan ou panse lekòl yo ap kapab reponn yon elèv k ap kòmanse a distans (4-12) epi ki pa kapab angaje li?**

*Pou ane lekòl k ap vini a, distri a ap rete tann pou chak elèv benefisyè yon kontwòl endividyle chak semèn avèk manm estaf la. Distri a pral kapab detèmine si elèv yo gen difikilte pou angaje yo ak aprantisay a distans lan epi reponn ak estrateji ak sipò apwopriye yo.*

## **7. Ki atant ki gen pou 5yèm jou a?**

*Elèv yo pral patisipe nan yon reyinyon nan videoyo k ap an dirèk oswa konsèy pou analize orè aprantisay endependan nan kay elèv la nan senkyèm jou a. Elèv la pral pase rès jounen an ap fè aktivite aprantisay endependan yo pwofesè saklas yo, founisè sèvis ki konekte yo, epi/oswa espesyalis yo te bay yo pou lakay yo.*

## **8. Èske pral gen yon opsyon "deyò" pou vizit an pèsòn yo?**

*Nou konnen ki avantaj opsyon deyò a genyen. Nan moman sila a la, distri a dwe konsidere gwosè kanpis la ak disponibilité espas ki gen andedan (egzanp teren jwèt), disponibilité ki gen deyò (pa egzanp, pak kominotè yo) ak meteyo (tanperati) a.*

## **9. Pou elèv ki nan IEP k ap aprann a distans, èske yo pral travay ak responsab abityèl yo an?**

*Nou pral fè tout sa nou kapab pou kenbe elèv yo ansanm ak pwofesè oswa responsab abityèl yo an, nou pa kapab bay okenn garanti ke se sa ki pral fèt vre. Kèk nan moun ki nan estaf nou an pral bay sèvis ak fòmasyon an pèsòn lan. Pral gen yon pwofesè/responsab diferan k ap sipòtè elèv k ap aprann a distans yo. Nou pral ba ou non pwofesè ak responsab pitit ou yo nan mwa septanm lan.*

## **10. Jodia pitit mwen an mande mwen ki moun ki pral tounen konseye pou li. Li prale nan 10yèm ane. Kilè yo pral pran desizyon sila a?**

*Chak elèv pral resevwa enfòmasyon sou kisa pwofesè ak responsab yo an pral fè avan nan premye jou lekòl la.*

## **11. Èske elèv nan salklas sibstansyèlman separe yo pral kapab patisipe nan aktivite salklas gen ed yo epi entèaji elèv gen ed yo, yon lòt jan, nan ki fason enklizyon ak enklizyon retwograde a fonksyone?**

*Wi. Pou kounya n ap travay ansanm ak pwofesyonèl sante biblik yo pou ofri posibilité enklizyon san pwoblèm pandan n ap diminye risk pou gen kontak yo.*

**12. Ki kritè an patikilye pou deside ki elèv (epi se pa yon ti gwooup) ki gen yon IEP ki kapab asiste an pèsòn yo, patisipe, kalite andikap, rekòmandasyon manadjè a oswa fanmi a, elatriye? Di "gwo bezwen" oswa rantre "anyen ditou" twò laj.**

*Ministè Edikasyon an (Department of Education) te bay kèk kritè espesifik. Kèk nan kritè yo gen ladan li: si yon elèv nan yon salklas sibtansyèlman separe, si elèv la pa gen aksè ak sèvis a distans yo menm, si elèv la se yon timoun adoptif, si elèv la ap resevwa sèvis ELL yo (aprantisay lang anglè a), epi elèv matènèl yo. Elèv ki gen bezwen konplike epi endividyèl yo ekip yo pral analize yo ka pa ka. Ekip yo pral analize nati andikap timoun lan epi aksè ak sèvis pamì lòt kritè. Sa pral gen ladan li yon analiz konplè sou elèv la epi fason nou kapab akeyi elèv sa yo ki pa rantre nan youn nan kategori presi DESE yo.*

**13. Kijan w pral jere kanmarad enklizyon ki pa kapab rantre nan aprantisay la/ki pa kapab travay nan yon fason endepandan? Sa mwen tande nan SE-PAC se pa sa ekip OSS nou an fè mwen konprann.**

*N ap travay ak pwofesyonèl sante biblik sou fason mwen kapab fè sa san pwoblèm. Nou vle limite transmisyon kowonaviris la epi rasire sekirite elèv nou yo, estaf la, ak fanmi yo. Pou kounya la, n ap analize pou nou gen yon pod pou elèv yo pandan n ap kreye yon lòt salklas pou aktivite enklizyon yo.*

**14. Si asèymen tounen sèl chwa pou fòme timoun ki gen bezwen espesyal nou yo, èske w panse separe timoun nou yo nan yon lòt edifis nan yon kad ki plis piti, lè w ap pèmèt yo toujou gen posibilité pou yo nan salklas la an pèsòn?**

*Wi, ekip fonksyonnan/sant nou yo ap analize tout edifis lekòl nou yo epi nan ki fason nou kapab fè elèv yo vini an pèsòn ti kras pa ti kras si pou yon rezon kèlkonk nou pa t ap kapab fè tout elèv vini 13 oktòb la.*

**15. Kijan yo kapab bay elèv primè, lekòl presegondè yo sèvis enklizyon yo, ak lekòl segondè k ap aprann a distans yo?**

*Pwofesè edikasyon espesyal lan pral bay sipò tankou teleansèyman, sal reyinyon ki gen yon ti gwooup sou google meet, koansèyman, sèvis endividyèl yo. Kolabore avèk pwofesè edikasyon jeneral la konsènan lesyon yo se te yon reyisit.*

**16. Kisa ki pase pou possiblité pou gwooup kanmarad elèv ki gen ASD ki entegre konplètman yo?**

*R: N ap travay ak pwofesyonèl sante nou yo pou kreye pod pou gwooup yo. Objektif prensipal aprantisay a distans lan se entèaksyon nan mitan kanmarad yo, kreye yon kominate, byennèt sosyal ak emosyonèl, kreye lyen ak kreye relasyon. Tout sa yo lye ak possiblité pou gwooup kanmarad elèv ki gen ASD ki entegre konplètman yo. N ap travay pou nou itilize anviwònman ki deyò yo tankou Danehy Field kote nou kapab gen entèaksyon sosyal a distans avèk kanmarad nou yo. Nan nivo ansèymen siperyè ak segondè, yo pral itilize reyinyon konsèy ak kominotè yo pou entèaji ak kanmarad yo. Sa toujou gen modifikasyon ladan li, men sa yo se egzanp sou fason nou pral entegre entèaksyon ant kanmarad yo.*

## Koneksyon Bilateral Enpòtan

**17. Mwen kwè ak fòs aprantisay a distans bonjan kalite a ta dwe gen posibilite pou kreye ak ranfòse lyen ki gen ant kanmarad yo. Èske yo ta ka mete sila a nan konsèy y ap bay lekòl yo?**

*Chak elèv pral gen yon manm pèsonèl k ap akonpanye li epi resevwa yon kontwòl endividyeò chak semèn, an konfòmite avèk machasuiv pou klas yo nan tout distri a.*

## Lansman Espesyal

**18. Kijan nou kapab asire sekirite estaf la si l ap chanje kouchèt, mennen nan twalèt, lave men, elatriye.**

*Depatman Operasyon ak Enstalasyon nou an te fè kòmand plizyè milye gan, blouz, mask, ekran fasyal ou kapab jete aprè. Biwo nou an ap kolabore ak Ekip Operasyon an pou asire li Lansman Espesyal nou an ak salklas sibstansyèlman separe yo gen lòt ekipman pwoteksyon ki disponib. Anplis, distri a pral bay estaf la fòmasyon avan menm elèv yo retounen Lekòl la pou sèvis an pèsòn yo pou garanti sekirite elèv yo ak estaf la.*

**19. Nan jefò pou diminye risk la, èske nou kapab bay salklas lansman espesyal yo priyorite nan edifis ki gen sekirite, nouvo yo ki nan CPS, avèk pi bon sistèm sikilasyon lè, solèy ak vantilasyon?**

Aktyèlman Depatman Operasyon ak Enstalasyon an (Operations and Facilities Department) ap fè yon evalyasyon pou chak klas ki nan chak lekòl pou detèmine si espas la bon pou elèv ak estaf la. Si espas la pa reponn ak egzijans yo jan (???) te etabli sa, kidonk yo pral fè renovasyon nan salklas la oswa deplase li mete nan yon espas ki gen sekirite.

**20. Etandone timoun ki gen difikilte yo pi jèn epi gen pwoblèm pou aprann sèlman nan ekran, èske yo ka konplete OSS yo ansanm ak materyèl fizik, tankou yon modèl lekòl nan bwat, kote timoun ki gen difikilte kapab travay an kolaborasyon ak pwofesè yo epi terapis yo lè y ap itilize materyèl salklas la (pa egzanp, konsidere apwòch anviwònman prepare montessori a)?**

*Wi nou pral rasire nou sa fèt. Nou te bay materyèl yo nan prentan an. Nou te kòmande plizyè materyèl pou tout elèv ki enskri nan pwogram espesyal lan ane sila a. N ap vini ak yon fason pou nou distribiye materyèl yo.*

**21. Èske w kapab konfime pou Pwogram Espesyal a Distans lan, yo pral bay sèvis tankou SLP, OT, PT yo separe epi èske y ap respekte dire total IEP a? Pa egzanp, pandan Prentan an, yon reyinyon vityèl chak pandan 15-20 minit yo konte antanke sèvis diskou ak OT pandan se sèlman 5-10 y ap pran nan tan an. Se yon bagay ki klè, li pa ase pou reponn ak rekòmandasyon sèvis IEP yo.**

*Nou depase kote nou te ye pandan prentan an. Konferans ak responsab dosye yo se pral yon posibilite pou diskite sou sèvis IEP ptit ou yo. Paran yo pral patisce nan planifikasyon sèvis yo epi nou vle konfòme nou ak IEP a toutotan sa posib.*

## **22. Èske w kapab bay yon apèsi jeneral sou fason kou Pwogram Espesyal yo pral fonksyone?**

*R: Yon pwofesè ta dwe rantre an kontak ak ou konsènan ansèyman a distans lan lendi 14 septanm. Elèv yo pral fè eksperyans ak aprantisay senkwonize oswa ki pa senkwonize jan yo te fè sa nan prentan an. Yo pral patisipe nan reyinyon chak maten yo, aktivite entèaksyon yo, aktivite ti gwooup yo (ak yon founisè sèvis ki lye yo), epi paran pral gen posibilité tou pou programme nan èdtan travay yo pou pote nenpòt sijesyon.*

## **Sèvis Livrezon**

### **23. Kijan yo pral jere klas ki gen de pwofesè yo pandan nouvo ane lekòl sila a? Pandan prentan, pwofesè yo te gen gwo difikilte pou yo anseye ansanm nan klas gen-ed yo, lè y ap anseye klas dezyèm sik yo epi bay kou ratrapaj a distans.**

*Nou konnen pwofesè yo t ap ansaye plizyè pwomosyon elèv. Pou abòde pwoblèm sila a, ministè a analize kantite travay elèv yo epi travay ak administratè lekòl yo pou tabli orè pou pwofesè yo pou anpeche sa rive ankò alavni.*

### **24. Èske w kapab di nou ki kantite sèvis IEP ki ekri yo pral bay elèv ki nan aprantisay an pèsòn yo? Ki kantite sèvis IEP yo pral bay elèv ki nan aprantisay a distans yo?**

*(Apati DESE "Gid Sèvis Edikasyon Espesyal Otòn 2020, 2020) Elèv yo dwe resevwa tout sèvis IEP yo ak dokimantasyon nan fòmasyon an pèsòn, fòmasyon a distans, oswa tou de. Orè regilye kou yo, entèvansyon, sèvis ak terapi yo dwe gen ladan tan yo pase nan kominike a dirèkteman ak pwofesè yo epi founisè sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la, ansanm ak kèk tan travay endependan, si gen nesesite a, epi opòtinite pou kominike avèk kamarad klas yo.*

### **25. Yon entegre pitit gason mwen nan lekòl segondè a konplètman. Kilè li bay sèvis kou ratrapaj li yo (SLP, konsèy)? Èske bagay sa yo pral fèt nan mèkredi, jou kote pa gen klas? Èske y ap pwograme sèvis sa yo pou blòk sèvis sipò chak jou yo?**

*Objektif nou se pou nou respekte IEP a. Nou vle pwograme tout sèvis yo nan mèkredi. Gen kèk sèvis ki p ap gen yon planifikasyon. Lè w resevwa dènye kopi plan aprantisay a distans lan li ta dwe koresponn ak IEP a. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid tanpri fè suivi ak responsab dosye pitit ou a.*

## **Sèvis Pèsonèl**

### **26. Pitit gason mwen an gen yon IEP epi I ap suiv yon klas edikasyon jeneral. Li pa te gen aksè ak aprantisaj a distans lan pandan prentan an. Èske li pral gen dwa pou li ale lekòl oswa yon lòt kad ki gen òganize (tankou yon kominote aprantisaj)**

*Wi. Si pitit ou a pa te kapab gen aksè ak aprantisay a distans pandan prentan an epi pitit ou a pa nan lekòl matènèl, JKK, Jadandanfan, premye, dezyèm, ak twazyèm ane nou pral fè li an pèsòn sèlman. Avan tout bagay ou pral pale ansanm ak responsab dosye pitit ou an.*

**27. Pitit fi mwen an gen yon nòt 504, li prale nan klas dezyèm ane, li pa nan youn nan kategori yo site yo kote pou li patisipe nan aprantisay an pèsòn yo, men I ap benefisyè li kanmenm. Èske w kapab pale sou "kritè distri" yo selon sistèm repatisyon plas rezève pou aprantisay an pèsòn ki pou elèv 2yèm ak 3zyèm ane yo?**

*Dirijan distri a ak lekòl yo ap finalize kritè distri a. Se Sipètentandan (direktè) a ki pral pataje enfòmasyon sa a pa twò lontan.*

**28. Mwen te wè nan prezantasyon an gen kèk elèv ki gen andikap k ap gen posibilité pou jwenn kèk randevou an pèsòn. Kisa sa vle di epi nou pral gade si nou kalifye pou sa nan diskisyon n ap gen ak fanmi yo nan kòmansman mwa Septanm lan ou te mansyone a?**

*Si distri a pase anliy nèt, Biwo Sèvis pou Eèv yo pral toujou etidye posibilité pou bay kèvis limite (pa egzanp sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la) bay elèv ki gen bezwen enpòtan ak konplike yo. Sila ap fèt sèlman si distri a pase anliy sèlman. Nan moman sila a, distri a pral mete elèv ki gen bezwen enpòtan ak konplike yo ki nan salklas sibstansyèlman separe pou yo kapab benefisyè sèvis an pèsòn yo nèt.*

## Lekòl Segondè

**29. Pou elèv ki gen anpil bezwen nan salklas ki gen de pwofesè nan CRLS - èske tout ansèyman yo pral fèt a distans oswa yo pral bay timoun ki nan IEP nan salklas sa yo posibilité pou yo rankontre an ti gwoup an pèsòn pou jwenn sipò?**

*Pou elèv ki gen IEP ki nan salklas ki gen de pwofesè CRLS yo, y ap fè fòmasyon an a distans nèt. Tout elèv CRLS yo sof sila yo ki nan salklas sibstansyèlman separe yo pral resevwa fòmasyon yo vityèl.*

**30. Rantre na klas 9yèm ane, ane sila a. Pou mwen kapab klè, lè m itilize pwopozisyon sipètentandan (direktè a) te voye ban mwen nan imel semèn pase a, kisa elèv yo kapab swete pa rapò ak lane dènyè.**

*Elèv yo dwe gen aksè ak aktivite aprantisay enpòtan epi pwodiktif ki egal ak yon jounen lekòl nòmal chak jou. Elèv yo pral gen aksè a yon kombinezon ansèyman nan gwo gwoup, ansèyman nan ti gwoup, opòtinite aprantisay sosyo-emosyonèl, ak aktivite endepandan, an konfòmite ak machaswiv sou kesyon orè pou tout klas distri a. Anseyan yo ap voye plizyè imel chak semèn pou elèv yo ak moun k'ap ede yo avan lendi maten avèk plan pou semèn nan ak zòn santral pou pwogram ak devwa elèv yo.*

**31. Èske pral genyen gwoup kanmarad pou timoun ki gen ASD ki bezwen travay sou entèaksyon ant kanmarad yo? Deyò? Èske se pandan n ap mache? (M ap pale sitou pou yon timoun ki nan lekòl segondè.)**

*Objektif nou se pou nou respekte bezwen elèv yo. Nan lekòl segondè a nou ap chèche gen pi gwo chanm pou nou ka toujou kenbe distans sosyal la san pwoblèm pandan y ap ankouraje entèaksyon ant kanmarad yo tou. Nou te jwenn otorizasyon pou nou fè pwomnad edikatif tou nan kominote a. Nou vle ankouraje echanj ant kanmarad yo epi n ap travay ak pwofesyonèl sante piblik nou yo pou*

*jwenn yon fason pou fè sa san pwoblèm.*

**32. Mwen tandem pral genyen Jwèt Olenmpik Mondyal Espesyal Baskètbòl nan lekòl segondè a. Kijan sa pral fèt nan anviwònman sila a?**

*Aktyèlman yo ranvwaye ni pwogram sa yo ansanm ak sezon an. N ap kolabore ansanm ak paran yo epi dirèktè espòtif la pou lanse yon pwogram espò kolektif ane sila a. Pral genyen yon lòt orè avèk aktivite k ap fèt deyò toutotan sa posib. Yo toujou ap prepare detay yo, men nou prevwa pou nou ale devan. Nou pral pataje plis enfòmasyon lè gen enskripsyon.*

## **Rekritman**

**33. Gen plizyè moun ki chaje eksperyans epi ki kapab ede nan yon fason efikas, tankou bay ansèyman a distans epi an pèsòn. Nou te sou liy touch pandan dènye prentan an. Nou fè pati kominote a. Anpil nan nou se granmoun ki enpòtan epi pwòch pou timoun nou yo. Tanpri panse ak nou avan ou pale ak ajans ekstèn yo pou mande sipò pedagojik.**

*CPS ap travay ak sendika mobilize estaf ki deja la pou sipòte modèl aprantisay a distans ak an pèsòn nou yo. Gen plis enfòmasyon ki gen pou vini.*

**34. Kijan y ap fè patisyon devwa a distans ak an pèsòn yo bay estaf la? Èske yo pral atann pou pwofesè espesyal yo ak terapis yo bay toude ni sèvis IEP a distans ak an pèsòn yo, nan menm jou oswa yon lòt jou nan semèn lan?**

*Lè Resous Imèn lan konnen kiyès nan estaf la ki pa kapab anseye an pèsòn, depatman ak lekòl yo pral an mezi pou detèmine ki manm estaf la ki kapab bay ansèyman a distans oswa a distans. Nan sa ki gen rapò ak dezyèm kesyon an epi selon reyinyon kominotè a, "non". Sipètentandan (direktè a) te di pwofesè ak terapis yo p ap bay toude ni sèvis IEP an pèsòn ak a distans yo.*

**35. Founisè Sèvis ki Gen Rapò ak Tranzisyon an jeneralman bay sèvis yo nan (OT, Diskou, PT) pou tout elèv yo nan yon lekòl presi. Kijan li posib pou founisè sa yo travay sèlman ak 1-2 salklas yo tandiske yo kapab gen dosye ki kouvri tout nivo eskolè yo?**

*Yon fwa nou konnen kiyès nan estaf la ki kapab bay ansèyman an pèsòn, Biwo Sèvis pou Elèv yo ap travay avèk Margie Carlman, Sipèvizi Sèvis ki Gen Rapò ak Tranzisyon an pou egzaminen dosye yo epi fè ajisteman si sa nesesè.*

**36. Ou te mansyone avan pwofesè edikasyon espesyal yo pa pral atann pou yo anseye tou de ni elèv ki an pèsòn yo ni sa k a distans yo. Èske sa valab tou pou pwofesè salklas separe yo, ki gen yon konpetans espesalize?**

*Wi. Se yon bagay ki rive pwofesè nan klas sibstansyèlman separe yo tou.*

**37. Si pa gen ase moun nan ekip la pou IEP a ka fonksyone an liy èske gen lòt resous ki anplas pou bouche tou sa tankou founisè prive oswa lòt solisyon?**

*Si CPS la manke pwofesè espesyal oswa terapis, CPS ap angaje plis anplwaye oswa asosye ak*

ajans ekstèn pou ofri sèvis yo.

**38. Kijan nou ap pote kole ak manm ekip la ki gen timoun lakay yo, pou yo ka ede elèv yo pandan yo toujou ap ekilibre lavi yo ak travay yo? Kèlkeswa jan w ap travay sou plas oswa anliy, manm ekip timoun lan gen bezwen pou fè atansyon epi gen fòmasyon tou.**

*Biwo nou an konnen gen anpil manm ekip la ki gen timoun oswa granmoun yo ap pran swen. Distri a ap travay nan moman an ak sendika a pou pote èd bay manm ekip la ki bezwen sipò oswa yon ti aranjman. Gen plis enfòmasyon ki gen pou vini.*

**39. Anpil founisè sèvis ap travay ak elèv yo nan plizyè lekòl. Èske sa ap toujou fèt konsa? Kijan nou ap fè kenbe manm ekip yo ak elèv yo anba pwoteksyon avèk tout chans ki gen pou yo an kontak ak maladi a? E kisa n ap di pou Pwofesè Espesyal yo nan klas K-3 ki ap pran swen  
elèv ki resevwa ansèyman an lakay yo oswa lekòl la?**

*(Soti nan DESE "Gid pou Sèvis edikasyon Otòn 2020, 2020) Distri a ap pran san li pou li kreye devwa chak klas dwe genyen ak sèvis planifikasyon pou fè elèv ki gen andikap yo jwenn yo a pou yo ka resevwa sèvis konsistan ak IEP yo nan yon anviwonman ki pa twò fèmen, jan se ekri nan 603 CMR 28.02(12), pandan y'ap kenbe menm pwotokòl lasante ak sekirite yo. Si nou ap pran sa Depatman an di sou elèv ki nan nivo elemantè yo ki rete nan yon sèl klas pandan prèske tout jounen an, distri yo ka vle konsidere yo ka ofri sèvis edikasyon andeyò klas la ak bon jan mezi ki gen rapò ak lasante ak sekirite oswa, nan plas opsyon sa, si sèvis yo dwe distribiye nan klas la menm. Pa egzanp, pwofesè espesyal yo ak founisè sèvis asosye yo (òtofonis yo, ègoterapis yo, elatriye.), ka founi bonjan sèvis edikasyon nan jan edikasyon jeneral la mande li a (Griy B) a distans apati nenpòt lekòl ak videyokonferans, olye li vin nan klas la pou ofri sèvis li. Pratik sa t ap ede pou diminye valè moun k ap mache rantre swa sòti nan klas yo pandan y ap bay aksè ak sèvis ki ap sipòte enklizyon elèv ki andikape yo.*

**40. Èske administratè lekòl yo ak sa distri yo ap travay sou plas pou ane lekòl la, oswa y ap travay a distans?**

*Menm jan pwofesè nou yo fè li, gen posibilité pou gen administratè nesesite travay a distans pou jan sikorans yo ye a (egzanp., sitiasyon sante ki egziste yo). Administratè yo ki ka travay sou plas yo ap toujou kontinye vizite epi pote sipò bay lekòl, ekip yo, ak elèv yo. Sa ap fêt nan bon jan kondisyon pou pwoteje sante moun yo epi enfòme chèf la ak ekip la sou dat, valè tan l ap dire ak rezon vizit la. Li enpòtan pou nou mete nan tèt nou pou travay epi aprantisay an pèsòn la fêt anba plis pwoteksyon, kantite moun ki ta dwe nan batiman an dwe limite (distans sosyal) epi moun yo dwe swiv prensip sekirite yo.*

## IEP

**41. Pitit gason mwen an (ki ap antre la nan uityèm ane) ta dwe pase yon egzamen pou IEP mwa mas ki sot pase a , men sa pa te janm fèt. Ki plan nou gen pou sa?**

*Nou ap travay nan moman an ak ekip la pou rezoud pwoblèm IEP ki pa te fèt la pandan Prentan an. Nou ap gen pou nou bay enfòmasyon sou planifikasyon reyinyon IEP a nan mwa septanm lan. Si pitit ou a bezwen pase yon egzamen, biwo nou an ap etabli yon "Ekip Rekiperasyon" ki gen ladan I sikològ, pwofesè, ak operatè sèvis ki gen rapò ak Tranzisyon pou administre tout egzamen yo (premye ak repriz) pou akselere konvokasyon oswa rekonvokasyon ekip IEP yo. Biwo nou an ap bay plis enfòmasyon nan mwa Septanm depi yo fin fòme ekip la.*

**42. Konbyen reyinyon IEP ki pa te fèt epi ki plan ki genyen pou kapab kenbe orè a?**

*Nou gen yon gwo kantite reyinyon IEP ki pa fèt pou nou abòde pandan Prentan 2020 an. Plan nou se angaje yon Ekip Rekiperasyon ki gen ladan li uit espesyalis pou jere evalyasyon epi sipòte ekip nou yo nan lekòl yo ki gen plizyè reyinyon anyèl ak reyinyon reyevalysayon ki pa fèt. Se Jean Spera, direktè Biwo Sèvis Elèv yo ki ap sipèvize ekip yo, reyinyon ak evalyasyon sa yo.*

**43. Kijan nou ap jere dosye elèv ki ap pase tès yo? Sitou sa ki pa fini ak reyevalyasyon twa zan yo an pandan ane dènyè a. E si yo ap etidye a distans? Yo ap kòmanse ane a san yon IEP ki valid.**

*Premyèman, IEP a se yon IEP ki valid epi k ap kontinye fonksyone sou IEP sa a.*

*Nan koze twa ane evalyasyon an, se ansanm ak paran yo; yo dwe deside reyalize kèk nan opsyon yo. Nou gen opsyon pou nou kreye yon dosye ki gen ladan li yon lis tout sa elèv la te pase oswa fè, obsèvasyon, epi itilize plizyè fòm ki disponib pou konplete sou òdinatè (egzanp., fòmilè sou konpòtman, fòmilè pou devlopman langaj, etc.) Gen enfòmasyon n ap rantre nan fòm Ina nou dwe pran an konsiderasyon lè n ap itilize egzamen estanda. Yo dwe pran desizyon sa a sou bezwen elèv la ak jijman pwofesyonèl ekip la si n ap fè elèv yo pase tès yo a distans. Desizyon nou yo dwe chita sou bonjan enfòmasyon.*

## **Sipò pou Paran yo.**

**44. Èske se ekip IEP a k ap ekri plan aprantisaj a distans lan poukонт li epi y ap prezante li bay fanmi an OSWA li ap fèt ak patisipasyon paran yo?**

*Lè w ap rankontre ak responsab dosye pitit ou an ou ap resevwa yon premye vèsyon plan aprantisaj a distans lan. Moman sila a se moman pou pataje kòmantè, kesyon oswa sa k ap ba nou pwoblèm yo ki gen rapò ak plan aprantisaj a distans lan. Ekip la kounya pral fè tout sa li kapab pou li kreye tout sa ki nesesè epi responsab dosye a pral fè swivi ak pou ba w enfòmasyon yo nan yon dènye mesaj.*

**45. Ki sa nou vle di lè nou di pa senkwonize a?**

*Yon klas ki anrejistre anvan yo fè li. Paran yo gen aksè ak kou sa nenpòt lè yo vle.*

**46. Mwen vle konnen si paran ki manke konesans sou pwogram matematik lekòl ka jwenn fòmasyon sou sa pou yo ka bay pitit yo pi bon sipò?**

*Tanpri kontakte sèvis ki gen rapò ak tranzisyon fanmi yo ak lekòl la pou plis enfòmasyon sou fòmasyon pou paran yo. Ou ka vizite [sitwèb depatman matematik CPS](#) la pou jwenn lòt resous pou sipòte piti ou an lakay ou.*

**47. Ki plan ou genyen pou fè konnen plan sa a epi reponn késyon nou yo nan lang anglè yon fason pou tout moun konprann ak nan plizyè lòt lang?**

*Nou ka wè plan repriz distri a [la](#). Nan sa ki konsène reyinyon Town Hall sa a, biwo nou an ap tradui dokiman an nan plizyè lang epi poste li sou sitwèb sa.*

## **Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl**

**48. Avèk yon timoun piti (nan laj 5 lane pa egzanp) mete yon mask ta sanble pa twò nesesè. Kisa ki ap rive si yon paran deside pitit gason li oswa pitit fi li pa dwe mete mask?**

*Distri a ap travay ak Komite Lekòl la pou yo mande tout elèv mete mask, sof si elèv la gen andikap/maladi ki ka anpeche li mete yon mask.*

**49. Èske ap gen tès covid19 ki ap fèt chak semèn sou elèv yo ak manm ekip la jan MIT ap fèl pou etidyan li yo ak ekip li a? Nan ka ou pa ta fè li konsa, kijan ou ap jere pwoteksyon pitit ou yo si yon moun ta enfekte men li pa montre okenn sentòm?**

*Tès siveyans gentan sou plas pou tout pèsonèl k ap antre nan edifis yo ak kominote yo gen aksè pou fè tès san peye epi pratik. Ap gen tès Kovid-19 ki fèt sou elèv ki montre sentom si paran yo dakò. Se yon bagay volontè epi yo pa li pa obligatwa.*

**50. Ki sa k ap pase si yon elèv refize mete mask?**

*Tout elèv dwe mete yon mask. Distri a ak lekòl la gen yon jan y ap aji si sa ta rive.*

**51. Si yon timoun ki gen pwoblèm sante paka mete yon mask oswa pwoteksyon vizaj pou yon tan ki long, èskey ap ka toujou suiv kou yo an pèsòn?**

*Wi tout timoun ap ka swiv kou yo an pèsòn. Ekip nou an ap travay sou kreyasyon pwotokòl ak machaswiv elèv ki paka mete yon mask oswa pwoteksyon vizaj pou yon tan ki long yo.*

## **Teknoloji**

**52. Èske ap gen yon aparèy pou chak elèv?**

*Wi. Tout elèv preskolè rive nan kad pwogram ASD twazyèm sik la pral jwenn yon aparèy.*

**53. Pitit mwen an pa te ka gen aksè ak sèvis ki pa senkwonize yo. Li te gen bezwen èdfounisè li a. Kijan mwen ka fè demann pou tout sèvis a distans vin jwenn mwen nan**

## fòma Google Meet?

*Tout sèvis a distans yo ap disponib nan fòma Google Meet.*

### 54. Kijan mwen ka fè jwenn aparèy Chromebook?

*Tanpri fè responsab dosye pitit ou an konnen ou bezwen yon Chromebook -- menm si pitit ou a pa nan distri a. Pou moman an nou gen yon ti ratman, couple tann kèk jou pou resevwa aparèy ou a.*

### 55. Mwen gen ti dout sou jan "sal reyinyon" Google Meet yo pral fonksyone a - se yo nouvo sistèm Google fenk vini avèk li. Mwen mande nou pou nou pran sa an konsiderasyon. Apre 6 premye semèn lekòl yo, si Sal Reyinyon Google yo pa te byen fonksyone, tanpri konvenk distri a peye pou Zoom.

*Nou pral konsantre sou sa. Nou gen pwofesè ki ap sipèvize avantaj epi aksè Google Meet bay yo pou nou ka gen mwayen pou tandem paran yo, pwofesè yo, ak elèv yo sou jan li fonksyone byen.*

## Kominikasyon

### 56. Souple, èske nou ka ede nou pi byen konprann kijan pou nou kominike ak Ekip Edikasyon Espesyal la? Mwen paka jwenn yon bon repons pou m konn egzakteman a kiyès pou m pale sou yon dosye reyinyon IEP epi sou dosye kijan pou m mande epi jwenn sipò.

*Premye moun ou genyen pou ou kontakte se responsab dosye pitit ou a. Si ou bezwen plis sipò, tanpri ekri administratè lekòl la (egzanp, vis-prensipal la oswa prensipal la). Ou ka kontakte kowòdinatè (Sipèvizè) Biwo Sèvis Elèv la.*

Gade piba pou jwenn plis enfòmasyon:

- Lekòl segondè ak Kolèj: **Desiree Phillips** ([dphillips@cpsd.us](mailto:dphillips@cpsd.us))
- FMA, G&P, Haggerty, King Open, Amigos, and King: **Dr. Karyn Grace** ([kgrace@cpsd.us](mailto:kgrace@cpsd.us)) • Special Start, Baldwin, Peabody, Tobin, Cambridgeport, Kennedy-Longfellow, Morse: **Shelagh Walker** ([skellywalker@cpsd.us](mailto:skellywalker@cpsd.us))
- Deyò Distri a: **Joyce Costello** ([jocostello@cpsd.us](mailto:jocostello@cpsd.us))